ЕгъэджакIуэмрэ тхылъымрэ я мыхьэнэм трагъашIэу

2-нэ нап.

Урысейр псоми ди зэхуэдэ къэралщ

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Псэм и нэхур зи тыгъэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№65 (24.503) ● 2023 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 1, махуэку Тхьэмахуэм щэ кыдокI И уасэр зы тумэнщ

ГъащIэм и фIыгъуэ, и гурыфIыгъуэ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапэм къызэритамкIэ

Фондым и бжэхэр къызэIуах

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ядэIэпыкъунымкIэ Къэрал фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и къызэгъэпэщыныр и кIэм нэблагъащ. «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондыр УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ хэгъэгу псоми къыщызэIуах, Урысейм щыIэп урысейпсо инноваци проектщ.

КъБР-м къыщызэIуаха къудамэм метр зэбгъуэзнатIэ 1000 и инагъщ, ар Налшык къалэ и Къэбэрдей уэрамым тетщ. ЩIыпIэм къалэм и дэтхэнэ хьэблэми уикIыу, тыншу укIуэфынущ. А унэм хэтынущ «Лыхъужьхэм я бынхэр» щIыналъэ проектымрэ Хэку дзэлIхэм я унагъуэхэм я комитетымрэ я офисхэр. Iэтащхьэр фондым и лэжьакIуэхэмрэ волонтёрхэмрэ я гъусэу Iуэхур къызэгъэпэща зэрыхъунум тепсэлъыхьащ.

Фондым и зы щIыпIэм къэрал Iуэхутхьэбзэхэр псори къыщыпхуащIу зэтраГъэпсыхьынущ, дзэ Iуэхум хэтхэм я унагъуэ къэс зы куратор иIэнущ. Нобэ щыщIэдзауэ социальнэ унэтIакIуэ 25-м лэжьэн щIадзэ. Ахэр Налшык и мызакъуэу, щIыналъэхэм щыщхэми ядэлэжьэнущ. ФокIадэм и 1 пщIондэ иджыри унэтIакIуэ 55-рэ лжьыгъэм хуагъэхьэзырынущ.

Зи гугъу тщIы IэщIагъэлIхэр сыткIи дэIэпыкъуэгъу хъуну хьэзырхэщ – хуэныкъуэхэм хущхъуэ иратынущ, психологие и лъэныкъуэкIэ зыщIагъэкъуэнущ, сымаджэхэм я узыншагъэр зэтегъэувэжынырэ кIыхьузэрагъэпэщынущ, дзэ Iуэхум хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэм исхэмрэ санаторэ кIуэнымкIэ, лжьэпIэ IэнатIэ къаГъуэтынымкIэ сэбэн хъунущ.

Ветеранхэм ящыщу щIэныгъэ зэзыгъэгъэтыну хуейхэм, хьэрычэт Iуэху къызэзыгъэпэщынухэм дэIэпыкъуэгъу яIэнущ.

«Ар къыхэзрыгуэкI Iуэхукъым, жэуаплыныгъэ ин зыпылъ къалэнщ, ауэ дз гулъытэ тхэлъу, ди хэкур зыхъумэжымрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ дадэIэпыкъун хуейщ. Дэ ди лЫхъужьхэм дарогушхуэ икIи зыхуэныкъуэ псори къахуэздгъэпэщынущ», - щетх и телеграм-каналым КIуэкIуэ Казбек.

Хэкум хуэфэщэну щIэблэ къихъуэну

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек республикэм и цIыхухэм Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэмкIэ ехъуэхъуащ:

- КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и цIыхухэу пщIэ зыхуэтщIхэ! Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэмкIэ!

КъытщIэхъуэ щIэблэм делIэIэныр, абыхэм сабиигъуэ насыпыфIэ къахуэзгъэпэщыныр, я хуитыныгъэхэр хъумэныр, ябгъэдэлъ зэфIэкI псори нэсу къызэкъуахыу зажьынымкIэ Iэмалхэр егъэгъуэтыныр къэралым иригъэкIуэкI политикэм щыпэрыт Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм яущыщ. Нобэ ди къэралым щагъэзащIэ сабиймрэ сабиигъуэмрэ хъумэным, ныбжьыщIэхэм пъэныкъуэ кудкIэ зегъэужьыным хущIа федеральнэ программэхэр. Абыхэм ящыщ куэд апхуэдэу хуэгъэпсау унагъуэхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуным, къытщIэхъуэ щIэблэр екIуу гъэсэным, жылагъуэм, псэуныгъэм я лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэм ахэр щIэпIыкIыным. КъызэрымыкIуэу лъэщу заужь егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным епха IэнатIэхэм, щэнхабзэмрэ спортымрэ. Сабий творчествэмкIэ центрхэр къызэIуах.

Дэ, балигъхэм, куэдкIэ дэлъытащ ди сабийхэр зэрыхъунур, ауэ щыхъукIэ, ди къэралым и къэкIуэнур. Дэ тлъэкI псори тщIэн хуейщ, ныбжьыщIэхэр зэпэщу еджэфын, дгъэсэфын папщIэ, ахэр узыншэу, насыпыфIэу, жэуаплыныгъэр зыхэзыщIэ цIыху акъылыфIэу, ди Хэку иным хуэфэщэну къэхъун щхьакIэ.

Сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ фиIэну, фи унагъуэхэм мамырыгъэ, гуапагъэ, зэпэщыныгъэ илъу, насыпыфIэу фыпсэуну!

Тэрч районым и Iэтащхьэщ Хъущт Аслъэнбий

Тэрч щIыналъэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и зэхуэсым ипэ къыхуэу, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Налшык щыхуэзащ район администрацэм и Iэтащхьэ Дадэ МуIэедрэ абы и ипэ къуэдзэ Хъущт Аслъэнбийрэ.

НэХЪ пасэIуэу, Дадэ МуIэед нэгъуэщI Iэнатl э ягъэкIуэну зэрыхуагъэлъэгъуам къыхэкIыу, республикэм и Iэтащхьэм чэнджащ итат Дадэм и ипэ къуэдзэр район администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIу ягъэувыну. А Iуэхум щыхэплащ Тэрч щIыналъэм самоуправленэмкIэ и советым и зэхуэсым.

ЗэIущIэм и кIэухыу КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ хуищащ Дадэм, Тэрч щIыналъэм ифI, и зэпэщныгъэ къызэрыкI лэжьыгъэ илъэс куэдкIэ хьэлэлу зэригъэзэщIам папщIэ. «Си фIэщ мэхъу зыпэрыхьэну Iэнатl эщIэми пщэрыльэ къыщыхуэхъуну къалэнхэр Дадэ МуIэед щытхъу пылъу, къызыхуэтынщэу зэрыщигъэзэщIэнэр», - кьыхиГъэщащ республикэм и Iэтащхьэм.

ЗэфIагъэкIам хоплъэж

КъБР-м и Парламентым мэкъуауэгъуэм и 30-м щытепсэлъыхьащ республикэм и Правительствэм 2022 гъэм зэфIигъэкIам. ЗэIущIэм щIэсащ депутатхэмрэ КъБР-м и Правительствэм хэтхэмрэ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ I **Мусуков Алий** и псалъэм и пэщIэдзэу жиIащ 2020-2021 гъэхэм республикэм къалэн нэхъыщхьэ дыдэу иIар коронавирусыр къегъэувыIэныр арауэ зэрыщытар, а Iуэху мытыншым зэрыпэлъэщыфам къыдэкIуэу, щIыналъэм и медицинэ Iэнатl эм зэрызрагъэужьынум зэрыхущIэкъуар.

- 2022 гъэм нэгъуэщI гъэунэхуныгъэми дыпэщIэтын хуей хъуащ, Украинэм щекIуэкI Iуэхухэм япкъ иткIэ ди къэралым къытралъхьа санкцэхэр зэран зыхуэдмыгъэхъуным теухуауэ. Абыи дыкъыхэкIащ, ди щыIэкIэпсэукIэр, экономикэр тэмэму, - къухигъэщащ Мусуковым.

Абы жиIащ дзэ Iуэхухэм хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэгъэкъуэныр мы зэманым я къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм зэрыщыщыр, кьапщтэмэ, мобилизованнэхэм зэ закъуэ ират сом мин 25-р маэз кьэс етыным хуэкIуа щIыналъэ зыгIущым Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрахэтыр. Мыр къызэрагъэпэщ КъБР-м и Iэтащхьэм «Дзэ Iуэхухэм хэтхэм, нэгъуэщI цIыху щхьэхуэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрадэIэпыкъум дэщIыгъуным теухуауэ» кьыдигъэкIа Унафэм ипкъ иткIэ.

- А дэIэпыкъуныгъэр, нэгъуэщIхэри дэщIыгъуу, кьахуэздгъэпэщынущ ди щIалэхэр текIуэныгъэр кьэжьIуэжьыхункIэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, а унафэ хэхар кьызэрытщтэрэ ди зауэлIхэм ираташ сом мелуан 260-м щIигъу. Уэгъгъ хъуа зауэлIхэм, я фэбжьыр зыхуэдэм елъытауэ, сом мин 300-м нэс ират, хэкIуэдам и унагъуэм - сом зы мелуан. А Iуэхухэм псоми зэхэту сом мелуан 584-рэ текIуэдащ, - жиIащ къэпсэльам. - Бюджетымрэ нэгъуэщI мылъкухэмрэ къыхэкIыу зэпымыууэ ди зауэлIхэм яхудоГашэ щыгъын, техникэ Iэмэпсымэ, транспорт, нэгъуэщI куэдхэр. Къыхэгъэщыпхъэщ, зауэлIхэм нэгъуэщIхэмкIи зэрызащIэдгъакъуэр (я сабийхэм ират ахъшэу, коммунальнэ IуэхутхьбзэхэмкIэ хуэгъэкIуатэу). 2022 гъэм и жэпуэгъуэм щегъэжьауэ зауэлIхэр зыхуей хьэпшыпрэ ерыскъыхэкIыу тонн мин 250-м щIигъу едгъэшащ.

Мусуков Алий тепсэлъыхьащ Урысейм и щIыналъэхэм ящыщ хъуа Херсон областми Къэбэрдей-Балъкъэрым щригъэкIуэкIа лэжьыгъэм - псэупIэ унэу, курыт щIэныгъэ, сэбий гъэсанIэу, амбулаторэу зэрагъэпэщыжам я бжьыгъэм. Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ дыззрыт илъэсым Скадовскрэ Михайловкэрэ я Iуэхущ IанIэхэр зыхуей хуэгъэзэжьныныр щIэхэр ухуэнымкIэ зэрызыщIагъэкъуэнур.

- КъБР-м и Правительствэм и къалэнхэм ящыщу цIыхухэр зэIуэпэщу псэуным, защIэгъэкъуэным, лъэпкъ Iуэхухэр гъэзэщIэным екъэIа лэжьыгъэхэр къызэригъэпэщынур. ЦIыхур ирипсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэу республикэм щагъэувар адрей щIыналъэхэм елъытауэ нэхъ инщ. 2022 гъэм ар сом мин 14-рэ 894-рэ хъууэ щытащ, Урысейм - сом мин 13-рэ 919-рэ. 2023 гъэм сом 15 381-рэ мэхъу (Урысейм и щIыналъэхэр кьапщтэмэ, сом 14 375-рэ щыхъуащ), - пищащ Мусуковым. - Апхуэдэ дыдэу сабий зиIэ унагъуэхэм мазэ кьэс зэрызащIэдгъакъуэр республикэм мы гъэм сом 16 769-рэ щохъу. Псалъэм къыдэкIуэу жысIэнщи, Ставрополь щIыналъэм апхуэдэу щатыр сом 12 550-рэ хъууэ аращ. Зи гугъу тщIы IапIэм цIыху щхьэхуэхэм защIэгъэкъуэным хуэдутIыпщащ сом мелард 28-м нэблагъэ (цIыху мин 282-рэ къызэщIиубыдащ), сабий зиIэ унагъуэхэм - сом мелард 23-рэ. Къыхэгъэщыпхъэщ, цIыхухэм зэрызащIэдгъакъуэм иджыри зы нэгъабэ къаззрыхьдгъэхъуар, ар зи ныбжьыр илъэси 8 – 17-м итхэм ятещIыхьащ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Iым жиIащ республикэр зэращыщIыр зи хэхъуэр нэхъыбэ хъууэ япэ ит щIыналъэмащIым. 2022 гъэм щIыналъэм мылъку зэхэлъу сом мелард 70,8-рэ иIащ, ар 2021 гъэм елъытауэ процент 23,8-кIэ нэхъыбэщ. Мусуковым зэрыжиIамкIэ, щIыналъэм проект 42-рэ щагъэзэщIащ, лъэпкъ Iуэху 12-м тегъэщIауэ. Ахэр кьыззрагъэпэщащ сом мелард 14,8-кIэ. Абы щыщу сом мелард 12,5-р федеральнэ бюджетым и ахъшэщ. Лъэпкъ Iуэхухэр кьыззрехъулIамкIэ, республикэм 2022 гъэм ебгъуанэ увыпIэр иIыгъщ. Нэгъабэ ухуэныгъэу, зэгъэпэщыжын хуейуэ, щIыпIэхэр зэIуэпэщ щIыным теухуауэ Iуэхущ IапIэу 100-м щIигъум елэжьащ, псоми зэхэту сом мелард 9,4-р текIуадзэ. Мусуковым къызэрыхигъэщамкIэ, 2023 гъэм лъэпкъ Iуэхухэр гъэззащIэным сом мелард 11,2-р хуауТIыпщынущ.

Апхуэдэуи ар тепсэлъыхьащ республикэм и къэрычэт Iуэху мыинымрэ курытымрэ щIыналъэм зыщрагъэужьыным теухуауэ къагъэсебэп Iэмалхэм. 2022 гъэр гугъуу щытами, а Iэнатl эхэм зэрызыщIагъэкъуам и фIыгъэкIэ, хьэрычэт зыщIэхэм я бжьгъэр нэхъ мащIэ мэхъуу зэтраIыгъащ.

- 2022 гъэм налогым щымыщ хэхъуэу республикэм иIар процент 30-кIэ нэхъыбэщ. Зымыгъэзэж и хэхъуэхэр сом мелард 48-м щIигъуащ. Налог хэхахэм тету хьэрычэт Iуэху мыиным республикэм къыхиухьащ сом мелард 1,6-м щIигъу (ар процент 66-кIэ нэхъыбэщ 2021 гъэм диIам елъытауэ), - дыщIигъащ Мусуковым. - Илъэсым и кIэм республикэм ику иту кьыщаХь улахуэр сом мин 35-рэ 251-рэ хъуащ, илъэ ита илъэсым нэхърэ процент 11-кIэ нэхъыбэгу. Социальнэ Iэнатl э Iутхэм я лэжьапщIэр процентри 10-кIэ хэдгъэхъуами, хьэпшыпхэмрэ Iуэхутхьбзэхэмрэ уасэщхуэ зэраIам къыхэкIыу, улахуэр зыхащIауэ къэпльытэфынукъым. Ауэ зэрыхъум теухуауэ кьапщтэмэ, ар Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэхэм щынэхъыфIу жыпIэ хъунущ. Къыхэгъэщын хуейщ, 2020 гъэм зи хэхъуэр тхьэмыщIагъэу кьалъытэм нэхърэ нэхъ мащIэу щыта процент 24,2-р 2022 гъэм процент 16,4-м нэс зэрехар. Кьапщтэмэ, тхьэмыщIагъэр ди деж щынэхъыбэщ, къэралым мыбыкIэ и Iуэхурику иту къапщтэмэ. Ауэ апхуэдэхэм я бжьгъэм зэрыхэдгъэщIыфар кьэпльытэмэ, а щытыкIэм дяпэкIи зедгъэхъуэжыну Iэмал дыззриIэр нэрылъагъущ.

Мусуковым жиIащ, Урысей къыхэтхыкIым къызэригъэлъэгъуамкIэ, республикэм щыпсэум я бжьыгъэр проценти 5-кIэ зэрыхэхъуар икIи цIыху мин 904-рэ дызэрыхъур.

ЛIэхэм я бжьгъэр 2022 гъэм процент 15-кIэ нэхъ мащIэ хъужащ (пандемием и пэкIэ щыIа бжьгъэм хуэдизу). Кьалъхуи и бжьгъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ебланэ увыпIэр къэралым щиIыгъщ.

Мусуковыр кьытеувыIащ республикэм и егъэджэныгъэ, медицинэ, щэнхабзэ, спорт, мэкъумэш, туризм Iэнатl эхэм, щIалэгъуалэм ядэлэжьэным ехьэлIауэ нэгъабэ яIа ехъулIэныгъэхэми 2023 гъэм зэфIагъэкIыну Iуэхухэми.

Псом хуэмыдэу гулъытэ хэха хуащIынущ егъэджэныгъэ, медицинэ Iуэхущ IапIэхэр ухуэнымрэ зэгъэпэщыжынымрэ. Гъэзгухэм теухуауэ къэпсэлъам къызэрыхигъащамкIэ, 2022 гъэм абы хухаха ахъшэм хэпщIыкIыу хэхъащ икIи сом мелардри 5 мэхъу.

КъыщымыщIауэ, республикэ унафэщIхэм я мурадщ районхэмрэ кьуажэхэмрэ иджыри курыт школи 9 щаухуэну, цIыхубз зэхуэсыпIэу 43-рэ, фэтэр куэду зэхэт унэхэм я пщIантIэу 147-р зэIуэпэщ ящIыну.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ I **Егоровэ Татьянэ** кьыхигъэщащ КъБР-м и Правительствэм лажьыгъэщхуэ зэрызэфIигъэкIар икIи апхуэдэу дяпэкIи зэдгъэлажьэну зэригуапэр. Къэпсэлъам упщIэ иратащ депутатхэм. Ахэр ятеухуат зауэм зи сабиигъуэр хиубыдахэм зэрызыщIагъэкъуэфыну Iэмалхэм, транспортым тралъхьэ налогыр зэрыиным, Налшык къалэм дэт машинэр зэтримыхьэн папщIэ уэрам хэмахэм зегъэубгъунымрэ егъэфIакIуэнымрэ хуэгъэзауэ мы зэманым ирагъэкIуэн Iэмалхэр, цIыхухэм коммунальнэ Iуэхутхьбзэхэр зэрат щIыкIэм зэхъуэкIынигъэ хэлъхьэным, хуэгъэкIуатэ зиIэ цIыху щхьэхуэхэм хущхъуэхэр зэрыратым, нэгъуэщIхэми.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

УнафэщIыр хахыж, дзэ Iуэхум зыщIагъакъуэ...

● Политикэ партхэм

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ экономист Делягин Михаил, илъэси 9 хуэдиз ДНР-м къулыкъу щызыщIэ серб снайпер Берич Деян. КъыщынэмыщIауэ, абы хэтащ УФ-м и цIыхубз артистхэу Никоненкэ Сергей, Дамагаров Александр, Конкин Владимир, журналист Ким Маринэ.

XII зэхуэсым хэтахэм Iэлэт щэхукIэ хахащ:

- «Захуагъэ здэщыIэ Урысей – Хэкупсэхэр - Пэжым и телъхьэу» социалист партым и унафэщIу Миронов Сергей;

- партым и тхэмадзэу Семигин Геннадийрэ Прилепин Захаррэ хахыжащ;

- партым и унафэр зыубзыхуэм хагъэхьащ КъБР-м щыIэ кьудамэм и унафэщI Кебеков Владимиррэ Къанокъуэ Тимуррэ.

«Захуагъэ здэщыIэ Урысей – Хэкупсэхэр - Пэжым и телъхьэу» социалист партым и XII зэхуэсым кьыщаIэта Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм яущыщ ЗэIущIэм щыжаIащ Путиныр къэралым и пашэу зэрыщытым къыщынэмыщIауэ, дуней псом и Iуэху зезыгъэкIуэф, зэрыполитик лъэщыр, захуагъэм, лъэпкъхэмрэ къэралхэмрэ зэхуэдэным зэрытелажьэр.

Парт зэхуэсым и кIэм къулыкъущIэхэм ирагъэжьащ дзэ Iуэху хэха щекIуэкI щIыпIэм щыIэхэм зэрадэIэпыкъу ерыскъыпхъэми, хущхъуэми, фэилъхьагъуэми, Iэмэпсымэми тонн 12.

Кебеков Владимир зэIущIэм къыщыщыпсэлъам Мироновым жриIат ди хэкуэгъу адмирал Головко Арсений Урысейм и Лыхъужь цIэ IапIэр къыфIащыным теухуауэ, УФ-м и Президент Путин Владимир лъэIу Iэригъэхьэну. ИкIи а Iуэхур кIуэтэныкIэ зыхуеину тхылъ, дэфтэр псори зэхуэхьэсауэ Мироновым ираташ.

Къыхэгъэщыпхъэщи, Мироновыр щIэх-щIэхыурэ Президентым хуоэз, кьулыкъущIэхэм я лъэIуэр Путиным деж зэрынигъэсыным яужь итщ. Псалъэм папщIэ, Анзорей дэт куей сымаджэщыр щаухуэм мылъку яхуримыкъуу, лэжьыгъэхэр кьызэтеувыIауэ Мироновыр кьеблэгъауэ щытати, республикэм Путиным зэрызыхуигъаз тхыгъэр Президентым Iэригъэхьэжауэ щытащ. Абы кьырикIуаращи, Анзорей сымаджэщыр нагъэсыжьын папщIэ зыхуеижьыр кьратауэ щытащ Мироновым и фIыгъэкIэ. Дыщогугъ, Головкомэ и Iуэхур кIуэтэныкIэ политикыр сэбэн хъуну.

ТАМБИЙ ГущIэмахуэ.

Урысейр псоми ди зэхуэдэ къэралщ

«Кавказ Ищхъэрэм ис щIалэгъуалэр урысей хэкупсэу къызэтэджын, Іэуху еплъыкIэ мыхъумыщIэхэм щыхъумэн, лъэпкърэ динкIэ зэхуэмыдэхэм я зэхуаку зэгурыIуэныгъэр щыгъэбыдэн» къыхуеджэныгъэм щIэту, Налшык дэт «Азимут» хъыджыщIым накъыгъэм и 30-м щыIэзэхэщ щIыналъэ зыбжанэ къызэщIэзыубыда щIэныгъэ конференц. Къэбардей-Балъкъэрым и Мусльымэнхэм я Іуэхущ-пIэм, Кавказ Ищхъэрэм ис мусльымэнхэм я зэзыгъэуIу центрым, Іэбу Хъэнифэ и цIэр зезыхьэ Кавказ Ищхъэрэ ислъам университетым я нэIэ щIэту, ар къызэриГъэпэщащ Ислъам щэнхабзэм, щIэныгъэм, егъэджэныгъэм зыщIэгъэкъуэнымкIэ фондым.

УРЫСЕЙМ мусльымэнхэр нэхъыбэу щыпсэу щIыналъэ псоми щыщ лIыкIуэхэр къекIуэлащ зэманым кIигъэув къалэнхэр наIуэу утыку къыщырахьа щIэныгъэ конференцым. ДинкIэ зэщхьэщидзу лъэпкъ куэд щызэдэпсэу ди къэралым мамыру иц щыхубзэр зэкъуаудыныр нэрыгъ зыщIаxэм я гупсысэкIэм зэрыпэщIэтын Іэуху еплъыкIэ яубзыхун, ар щIалэгъуалэм зэрабгъэдлъхьэн щIыкIэм егупсысын, ислъам динми ентхауэ Кавказ щIыналъэм къаугъэ къыщыгъэхъеину щIэхъуэпсэкIэм ар яхуэмыдэн - аехращ зэIущIэшхуэм кърихэлIакIэр нэхъыбэу зытепсэлъыхьар.

КъурIэн лъапIэм щыщ ІэятхэмкIэ зэIущIэр якъэзIуаха нэужь, ар иригъэкIуэкIащ Ислъам университетым и ректор Чочаев Шарафутдин. «Ди къэралым щыпсэу цIыхубзр лъэпкъ куэду зэхэт пэтми, дэтхэнэ зыми и Хэкур Урысейращ. ЩIалэгъуалэм ар ягу иIуэ щыдэкIуэтеин папщIэ, къыттехуэ жэуаплныгъэр зыхэтщIэу, Іуэхум зэкIелIэ къыхуэздгъуэтыныр щобэрей ди зэIущIэр зытеухуар», - зэхуигъэзащ Чочаевым къызэхуэсахэм. Ректорым и псалъэм пищащ КъБР-м и Мусльымэнхэм я Іуэхущ-пIэм, Кавказ Ищхъэрэм ис мусльымэнхэм я зэзыгъэуIу центрым, Іэбу Хъэнифэ и цIэр зезыхьэ Кавказ Ищхъэрэ ислъам университетым я нэIэ щIэту, ар къызэриГъэпэщащ Ислъам щэнхабзэм, щIэныгъэм, егъэджэныгъэм зыщIэгъэкъуэнымкIэ фондым.

УРЫСЕЙМ мусльымэнхэр нэхъыбэу щыпсэу щIыналъэ псоми щыщ лIыкIуэхэр къекIуэлащ зэманым къигъэув къалэнхэр наIуэу утыку къыщырахьа щIэныгъэ конференцым. ДинкIэ зэщхьэщидзу лъэпкъ куэд щызэдэпсэу ди къэралым мамыру иц щыхубзэр зэкъуаудыныр нэрыгъ зыщIаxэм я гупсысэкIэм зэрыпэщIэтын Іэуху еплъыкIэ яубзыхун, ар щIалэгъуалэм зэрабгъэдлъхьэн щIыкIэм егупсысын, ислъам динми ентхауэ Кавказ щIыналъэм къаугъэ къыщыгъэхъеину щIэхъуэпсэкIэм ар яхуэмыдэн - аехращ зэIущIэшхуэм кърихэлIакIэр нэхъыбэу зытепсэлъыхьар.

Къурэн лъапIэм щыщ ІэятхэмкIэ зэIущIэр якъэзIуаха нэужь, ар иригъэкIуэкIащ Ислъам университетым и ректор Чочаев Шарафутдин. «Ди къэралым щыпсэу цIыхубзр лъэпкъ куэду зэхэт пэтми, дэтхэнэ зыми и Хэкур Урысейращ. ЩIалэгъуалэм ар ягу иIуэ щыдэкIуэтеин папщIэ, къыттехуэ жэуаплныгъэр зыхэтщIэу, Іуэхум зэкIелIэ къыхуэздгъуэтыныр щобэрей ди зэIущIэр зытеухуар», - зэхуигъэзащ Чочаевым къызэхуэсахэм. Ректорым и псалъэм пищащ КъБР-м и Мусльымэнхэм я Іуэхущ-пIэм, Кавказ Ищхъэрэм ис мусльымэнхэм я зэзыгъэуIу центрым, Іэбу Хъэнифэ и цIэр зезыхьэ Кавказ Ищхъэрэ ислъам университетым я нэIэ щIэту, ар къызэриГъэпэщащ Ислъам щэнхабзэм, щIэныгъэм, егъэджэныгъэм зыщIэгъэкъуэнымкIэ фондым.

«Терроризмэмрэ мамырыгъэр къэзэухъуэн нэрыгъымрэ япэщIэтын хуейщ щыжьитIэкIэ, - жиIащ Дзасэжьым, - куэдым ящогъупщэ диным цIыхур зыхуиунэтI хьэл дахэхэм нэхърэ нэхъ Іэмалыр! абыхэм укъригъэлIну зэрыщIмыIэр. Льэпкъ къэс ижь-ижьыж льэндзэр къыдэгъэзэгурыкIуэ хабзэхэм нэхъыфIу хэлъыр къызыхаxар динращ. Абыхэм къару еттыжьырэ, ар ди гукъеуэ псоми хущхъуэгъэзу хурикъунщ». Хъэрэзэталий тепсэлъыхьащ иджыблагъэ къэралым мусльымэну исыр къэзыгъэуIэбжьа, Волгоград къалэм къыщыхуэца щIэпхъаджагъэм. Зы щIалэ псынщIэ арэзы хуещ сом мини 10 къызэрыратыну щхьэжъ, псори къеплъу Къурэн лъапIэр игъасыну. Апхуэдзу къэмыхъун папщIэ, сабийр зэкуIл-зэкупсэу, и динымрэ и лъэпкъ хабзэмрэ фIыуэ илъагъуу къэгъэтэджын зэрыхуейм къыдэкIуэу, езым хуэдэ нагъуэщI цIыхум и лъэпкъи и дини игъэкIэ зэрымыхъунур гурыгъэIуэн хуейц».

Къызэхуэсахэм нэхъыжь ущиекIэ захуигъэзащ Кавказ Ищхъэрэм ис мусльымэнхэм я зэзыгъэуIу центрым и унафэщI Бердиев Исмахьил. «Ди къэралым къыпэщIэуза къаурхэм я щхьэр къагъэпIэж, - жиIащ Бердиевым. - Урысейм зэи зэрыпэмылъэшыну къагурIуэрэкым. Нобэ Президент Іэнатіэр зыхь Путин Владимир СССР-р лъэлъэжауэ къыIэрихьэри, къэрал лъэщ къыхищыкIыжащ. Иджыпсту дызэрыщыт щытыкIэм дыкъызэрыримыкIи акъыли хурикъунщ абы. Апхуэдэ унафэщI диIэу, дыкъыщыхэщытыкIын щыIэкъым. Ди бийхэм я гугъэр храхых».

Дэтхэнэ зыми и Іуэху еплъыкIэмкIэ цIыхубзм ядэгуащIэу, зэхэсым къыщыгъэзыхащ КъБР-м экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэщIэтынымкIэ и министр КъуэщокъуэІ Залым, УФ-м и Президентым и лIыкIуэ КИФЩI-м щыIэм и Аппаратым и лэжьакIуэ Петров Владимир, Налшык, Псыхуабэ, Черкесск чыристан Іуэхущ-пIэм и лэжьакIуэ Бобылёв Валентин, Осетие Ищхъэрэ - Аланием и муфтий Гацалов Хъэмурат, Тэтэрстаным, Дагъыстэным, Шэшэным, Къэрэшей-Шэрджэсым, Ставрополь крайм къикIа дин лэжьакIуэхэмрэ къулыкъущIэхэмрэ.

«Мыпхуэдэ зэIущIэхэр щIэхьэIуэрэ Осетиеми щыдогъэкIуэ, - жиIащ Гацалов Хъэмурат, псалъэ ирата нэужь. - Си жагъуэ хъууэ гу зылъыстэр фщIэрэ? Дэ дызэхуосри, Іуэхум дытопсэлъыхь. ЩхьэгъубжэмкIэ удэплъмэ, дини хабзи къызыфIэмыIуэху гупыр я щхьэ Іуэху зэрахуэжу уэрамым зэрыдэтыр уолъагъу. Абыхэм дыщызэхахьи щыIпIэ къэдмыгъуэту хъунукъым. ЖыгIэм мыхьэнэ щиIэнур ар къыдэхъулIэмэщ. СССР-м и зэманым Сухомлинский Василий жаIэри гъэсакIуэ цIэрыIуэ щыIащ. «Сабийр пэжу бгъэсэн папщIэ, абы и гум Тхъэм и хъуаскIэр иплъхьэ, зэрымыгъэункIыфIыным ухуэсакъын хуейщ», - жиIуэ щытащ абы. А гупсысэр щIыхубзри, динри, унафэ зыIэщIэлъэри зы къарууэ дызэрыщыгъипхъэм и щыхьэтщ».

Къызэхуэсахэм къэпсэлъэныгъэ щхьэпэкIэ закъыхуигъэзащ КъБКъУ-м ЩIалэгъуалэм ядалэжьэныкIэ и кафедрэм и унафэщI, философие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Апажэ Светланэ. ЕгъэджакIуэм конференцым къекIуэлIахэм я пащхьэ къриплъхьащ 2013 гъэ лъандэрэ кафедрэм иригъэкIуэкI къэпщытэныгъэхэр зи лъабжьэ, щIалэгъуалэм я гупсысэкIэм и щыхьэту къэув бжьгъэхэр. Абыхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, щIалэгъуалэм щыщу процент 60 къудейщ езыр къызыхэкIа лъэпкъым и хабзэхэр гъашIэм хэкIыпIэ къыщыхьыпытэр. КъыдэкIуэтей щIэблэр гупсысэх, Іуэхум тегушхуэрэуей, дэшхэныгъафIэ еуцI экономикэм и щытыкIэм, щIыналъэм лэжьаIэ зэрыщамыгъуэтым, зыхэпсэуIкIын мыльку къалэжьынгуэу зэрыщытым. Аущ уэгъэгуфIэ Іуэхущ динымкIэ мыхьуэмыщIагъэм и нэщэнэ къэзыльытэхэм я бжьгъэр нэхъ мащIэ зэрыхуэр.

Утыку кьиухьа дэтхэнэ зыми и псалъэм къыщыхитэщащ иджыпсту екIуэкI дзэ Іуэху эхар щхьэусыгъуэ ящIу, Урысейм и щIалэгъуалэр зэрымыр пэщIагъэувэжыну нысуакъуэхэм уахуэбэлэрыгъ зэрымыхьунур.

Быныр адэ-анэм я нэIэм щIэтмэ, нэхъыжьмэр нэхъыщIэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтехуэмэ, цIыхубз гъащIэми захуагъэм тету зеужь. Кунтэ-Хьэжьы и цIэр зезыхьэ Ислъам институтым и ректор Мутушев Абдурррохьим жиIэжащ КъурIэн лъапIэм къыщыхьыгъэ. Шэшэным къыщызэрагъэпэща пэкIум цIыху мин 60-м нэс зэрыхэтар, чыристан диныр зезыхьэхэри я Іуэсу.

Япэ зэхуэсыр иуха нэужь, конференцым хэтхэм унэтIыныгъэ щхьэхуэрэ загъуэзури, кьаIэта Іуэхуэгъуэхэм убгъуауэ "стIол хъурейкъм" щытепсэлъыхьащ. Мыпхуэдэ зэIущIэкIэр зэрыхьыгъэ егъэкIуэкIын зэрыхуеймкIэ зэахкьыпI

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Чепалгаш - шэшэн дэлэн

Накъыгъэм и пэм Ливаным и щыхъэр Бейрут Дунейпсо шхыныгъуэ зэпеуэ щекІуэкІащ. Зэхьэзэхуэр зы Іыхьэу хэуват къэрал 50-м я лЫкІуэхэр зыхэта, Финикием туризмэмрэ щіыху гъэхьэщІэкІэмкІэ и еТІуанэ фестивалым. Ди къэралым кьыбгъэдэкІыу абы щыІащ икІи щытекІуащ КИФЩІ-м и ПщафІэхэм я зэгухьэныгъэм и президент, шэшэн бзылъхугъэ Мовлатовэ Хъаджижэт зи пашэ гупымрэ гъэш къыщІэзыгъэкІ «Чабан» Іуэхущапіэмрэ.

«Зэхьэзэхуэр унэтІыныгъэ зыбжанэу зэщъхьащхьат. Ди гупым щыщ пщафІитІыр «Лы» зэпеуэм и кІудамитІми щытекІуащ, - игу кьеГъэкІыж Хъаджижэт. - КІэух зэхьэзэхуэм лъэпкъ шхыныгъуэ къыщыгъэлъэгъуэн куэйти, къэпщытакІуэхэм ди чепалгашым нэхърэ нэхъ Іэфі яІуміхуауэ жаІащ».

Хъаджижэт зэхьэзэхуэм зэрыхэтар пщафІэ къудейуэкъым, атІэ «пщІэ зиІэ къэпщытакІуэ» Іэнатіэрэ и пщэ къыдалъхьат. Шэшэн цІыхубзыр къэрал 36-рэ зыхэт Пщафіэхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм и пашэщ, 28-рэ чемпион хъуауэ. Дауи, езым и гупым и зэшхэкІыр къэзыпщытар нэгъуэщІхэрщ, итІани, кьикІуэтыну зимымурад Хъаджижэт текІуэныгъэншэу кьыззирмыгъэззэжынур ищІэрт.

Зэхьэзэхуэм хэтын папщІэ, Мовлатовэм Кавказ Ищхъэрэм пщафІэнкІэ нэхъ Іэзэу исхэр зэхуищэсат. Зэпеуэм хуагъэхьэзырар шэшэнхэм пасэ зэман лъандэрэ япщафІ шхыныгъуэхэрщ. Шэшэным икІа гупым я гъусащ «Чабан» Іуэхущапіэрщ. 2023 гъэм и гъатхэпэм Мовлатовэр «Чабан»-м къыщІигъэкІ гъэшхэкІхэр зыгъэльагъуэ унафэщІ ящІащ. Ливаным щекІуэкІа зэхьэзэхуэр а къудамитІым япэу зэдащІа Іуэхущ.

«Ди лъэпкъ шхыныгъуэхэр ди щхьэр лъагэу щІэтІэт хъугъуэфІыгъуэщ, ди щэнхабзэм и псэщ, ди щІыпІэр ехьэзращІыхуэ ерыскъыщ. Ахэр хъумэнкІи си къалэн лъапІэу къызолъытэ. «Чабан» Іуэхущапіэр а мурадымкІэ къызэрыттехуэри си гуапэщ», - жиІащ Хъаджижэт.

Шэшэн зауэр екІуэкІыху Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэуа Мовлатовэм пщафІэ зэрыхъуа щІыкІэр удиныкъуэхэу къеІуэтэж:

«Сэ ІэщІагъэкІэ сыюристщ. Си иджырей Іэщіагъэм сыхуэкІуэху, нотариусу сылэжьащ. ПщафІэ сызэрыхъуар зэрымыщІэ дыдэущ. Ди унагъуэр Гроэнэм дыкъэІэпхъуэжати, зауэм эзтрикъуэта нотариальнэ Іуэхущапіэхэм зыщІэсынышхуи яІэтэкъым, тыкуэн щыкІуэхэм щІэгъуауэ апхуэдэти, а Іэщіагъэм срилэжьэн здэжакъым.

Зэгуэр, си щхьэгъусэмрэ сэрэ фІыуэ дыздэдуауэ, сыкъогубжьи, сыхурикьун папщІэ, лэжьапІэ къэзгъуэтыну мурад сощІ. Си къуэр газетыхьэ согьакІуэ, къещІэну, сэри хъыбарегъащІэхэр щІэсащІыпкІын щІыпІэдэ. Арати, ди Іэгъуэблагъэм ит ресторан гуэрым пщафІэ кьыззрилъхьуэр унафэщІ ящІащ. Ливаным щекІуэкІа зэхьэзэхуэр а къудамитІым япэу зэдащІа Іуэхущ.

«Ди лъэпкъ шхыныгъуэхэр ди щхьэр лъагэу щІэтІэт хъугъуэфІыгъуэщ ди щэнхабзэм и псэщ, ди щІыпІэр ехьэзращІыхуэ ерыскъыщ. Ахэр хъумэнкІи си къалэн лъапІэу къызолъытэ. «Чабан» Іуэхущапіэр а мурадымкІэ къызэрыттехуэри си гуапэщ», - жиІащ Хъаджижэт.

Шэшэн зауэр екІуэкІыху Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэуа Мовлатовэм пщафІэ зэрыхъуа щІыкІэр удиныкъуэхэу къеІуэтэж:

«Сэ ІэщІагъэкІэ сыюристщ. Си иджырей Іэщіагъэм сыхуэкІуэху, нотариусу сылэжьащ. ПщафІэ сызэрыхъуар зэрымыщІэ дыдэущ. Ди унагъуэр Гроэнэм дыкъэІэпхъуэжати, зауэм эзтрикъуэта нотариальнэ Іуэхущапіэхэм зыщІэсынышхуи яІэтэкъым, тыкуэн щыкІуэхэм щІэгъуауэ апхуэдэти, а Іэщіагъэм срилэжьэн здэжакъым.

Зэгуэр, си щхьэгъусэмрэ сэрэ фІыуэ дыздэдуауэ, сыкъогубжьи, сыхурикьун папщІэ, лэжьапІэ къэзгъуэтыну мурад сощІ. Си къуэр газетыхьэ согьакІуэ, къещІэну, сэри хъыбарегъащІэхэр щІэсащІыпкІын щІыпІэдэ. Арати, ди Іэгъуэблагъэм ит ресторан гуэрым щІапІэ зэрылъхь

Гъащ1эм и ф1ыгъуэ, и гурыф1ыгъуэ

Усак1уэ ц1эрыIуэ Мыкъуэжь Анатолэ и «Гущэкъу уэрэд» усэ дахэм къыхэтха мы псалъэхэр зыхуэзгъэзаг хэтми, дауи, куэдым къащ1ащ. Ар нобэрей махуэр зей, ар дунейпсо жьпхъэм иту зыхухаха ди сабийхэращ. Ипэжьп1эк1э, ахэращ дэтхэнэ унагъуэми ильэ зэхущытык1эр зыгъэ1эфIыр, мылъкуу ц1ыхум и1эфынк1э хъунум я нэхъ льапI эуэ, ф1ыгъуэу къальытэр, гъащ1эм и гурыф1ыгъуэ нэхъыщхьэри сабийхэращ.

ГЪЭМАХУЭ лъэхъэнэм и пэщ1эдзэ дыдэм трагъэхуа махуэщ1ым тхыдэ и1эщ. Дэфтэрхэм къызэрыхэщыжьмк1э, сабийхэр хъумэным гульытэ хуэщ1ыпхъэу, а Iуэхум къэрал, дунейпсо мыхьэнэ етыпхъэу ящ1уэщ1ыгъ 1925 гъэм Женевэ (Швейцарие) щек1уэк1а зэIущ1эщ1уэм. Абы щыгъуэ къальытащ сабийхэм я зэIуэпэщынгъэм ипэ къихуэу нэгъуэщ1 къалэнхэри дунейм зэрыщыщ1эр. Арщхьэк1э а илъэс дыдэм и мэкъуаугъуэм и 1-м Китайм и консул нэхъыщхьэм Сан-Франциско (США) къыщызэрригъэпэщащ гуфIэгъуэ махуэщхуэ. Ар яхузгъэзат китай гъэпкъым щ1ыщ сабийхэу зи унагъуэхэр Америкэм къ1эпхъуа нэужь, адэ-анэр зыфIэк1уэдащэм.

Сабийхэр, сабиигъуэр хъумэным теухуа Iуэхухэр нэхъ гуащ1эу къ1эпхъуа ЕтIуанэгъуэнкIэ дунейпсо зауэр иуха нэужь. А мафIае илъэсхэм къэралхэм зеиншэхэр куэд щ1ыхъуащ. Апхуэдэхэм я бжыгъэр мелуанхэм нэсырт. Шхынк1э, псэуп1эк1э я1ель гугъуехьышхуэхэм къ1ельр-тэкъым ныбжьыщ1эхэм ящ1ыщ куэд. Дунейм къытехьуэ щ1эблэр зэрыт щ1ык1э гугъум къэрал унафэщ1хэм гульытэ хуегъэщ1ыныр, ц1ык1ухэм я гъащ1эр хъумэныр, ар зэпэщ1ыныр я къ1алэнхэм хегъэпытэныр я мурад нэхъыщхьэу Цыхубзхэм я дунейпсо демократие федерацэм къ1ыэтыжащ а Iуэхур ик1и Iэпкъ1ь Зэкъуэтхэм я Зэгуэхэныгъэм (ООН-м) зыхуиг1эзащ. А Iуэхугъуэр ди1ыIгъащ ООН-м ик1и унафэ ищ1ащ сабийхэм я хуитныгъэхэр, я узынщагъэр, уеблэмэ я гъащ1эр хъумэным гульытэ хуащ1ын хуейуэ. Езы дунейпсо зэгуэхэныгъэми зэфIих лэжьыгъэ псоми ящ1ыщ сабийхэм ехьэл1ахэр яп1э игъэщ1ипхъэу к1ыльытащ. 1950 гъэм и мэкъуаугъэм и 1-м ООН-м к1ыщтаеу щытащ сабийхэр, сабиигъуэр, анагъэр хъумэным теухуа унафэ щхьэхуэ.

Нэхъ пасэу, 1946 гъэм, ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм къызэригъэпэщ1ауэ щытащ сабийхэр хъумэным хуэлэжьэну ЮНИСЕФ фонд щхьэхуэ. Абы и къудамэхэр мы зэманым щ1ылажь къэрал куэдым. Ц1ыхум и хуитныгъэхэмк1э дунейпсо декларацэу Ассамблеем 1948 гъэм къ1ущтащ къыщ1ихэгъэ6елдж1ылык1ащ сабийхэр хэхауэ хъумэным ехьэл1а Iэхъухэри. Илъэс 11 дэк1ри, 1959 гъэм, яубыхуащ ик1и къару и1э хъущ Сабийм и хуитныгъэхэмк1э дунейпсо декларацэм. Абы къыщыгъэпэ-гъуэ къалэнхэр Iэмалынш1эу яг1эзэщ1эн хуейщ ООН-м хэт къэрал псоми. Дунейм тет къэрал нэхъ лъэщ 20-м 1989 гъэм къызэдащтащ Сабийм и1э хуитныгъэхэмк1э Конвенцэр. Идкъыпсту абыи дунейпсо мыхьэнэ и1эщ. Декларацэри Конвенцэри хуэгъэтIащ Щ1ы хъурейм щыпсэу сабий псоми я Iуэхур хэпщ1ык1Iу ефIэк1уэным. А дэфтэрхэр ди къэралым занщ1эу къыщ1алъытащ. Нобэ а Iэнатlэр щэщ1ауэ щолажьэ УФ-м, къэралым и Президент Путин Владимир, абы Сабийм и хуитныгъэхэмк1э и уполномоченнэ Львовэ-Беловэ Мариерэ сымэ я к1эльыплъыныгъэ тк1ийм щ1эту.

Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм езым и ц1ыхубзыкIи и1эжщ. ЗэгурыIуэныгъэм, шыIэныгъэм, бэвыгъэм, узынщагъэм я нэщэнэ щэк1уздыхэм и курыкупсэм Щ1ы хъурейм и сурэтыр итщ. Ар къ1ауэхъурейхэ ц1ыхум и Iэпкъ1ьэпкъым ещхь щ1а дамыгъэ щ1ыкIуитхум. Пльыжьу, фIыц1эу, щ1ыхуу, хужьу, гъуэжьу щ1а а сурэт ц1ыкIухэм къагъэльагъуэ дунейм ц1ыхуу тет псори, я фэрэ теплъэк1э зэмыщхьми, я хуитныгъэк1э зэрызэхуэдэр.

Ди къэралым иужьрей зэманым щ1ыхохьэу сабийхэмрэ сабиигъуэр хъумэнымк1э, зэчий зыбг1ьадэлъхэм защ1эгъэкъуэным хуэунэт1ауэ ящ1ащ1э программэмэм я бжыгъэм. Абыхэм къызэщ1ауфыдэ Iуэхуэр куэд мэхъу: сабий садхэм я Iуэхутхъэбзэхэм хуэныкъуэ псоми ар къагъэсэбэпыфыну Iэмал етыныр, курыт еджапIэхэм етIуанэ, ещанэ зэблэкIыгъуэхэр щымыгъэIэнэр, щытык1э гугъу ихуа унафэщхэм щ1ап1 сабийхэм, зи узынщагъэм сэкъат и1эхэм хэкауэ защ1эгъэкъуэнэр, нэгъуэщ1эхэри. А псори къальытэ УФ-м и унафэщ1-хэм ик1и къытщ1эхъуэ щ1эблэм ехьэл1а Iуэхугъуэхэр къэрал мыхьэнэ зи1э зэпэщ1ыныгъэ зэхьэдыдэу я1эуэ.

Илъэс епщык1убланэ льандэрэ Урысей Федерацэм и щ1ыналъэ псоми щолажьэ «Анэм и мылъку» программэ хэхар. Анэхэм хухах мылъкур, сом мин 250-у 2007 гъэм къ1ежьа дэ1эпык1ыныгъэу сабий етIуанэ (ещанэ...) зыгъэт анэм иратым хэхъуэ зэпытщ. Щ1эпэлъхум ирату 2022 гъэм агъэува сом мин 524,5-р къ1эзымыгъэсэбэпа анэм, унагъуэм етIуанэ сабий агъэутмэ, сом мин 693,1-рэ ират. А мылъкур гъэ къэс зэрыхъунур щ1эрыщ1эу къ1абжьыж, къэралым ахъшэр пуд зэрыщ1ихъум ельытауэ. Апхуэдэ къэрал дэ1эпык1ыныгъэхэм хэпщ1ык1Iу ирагъэфIак1уэ щ1ынальэхэм щ1ыщ1э демографие щ1ытык1эр, сабий зэзыгъэгъэтыну хуей унафэхэри абы нэхъри тренъэгушхуэ. Унагъуэм, сабийхэм защ1эгъэкъуэным хуагъэпсауэ щ1ыта унафэхэм ирипл1эжьм, зи ныбжьыр ильэси 8-м къыщ1ыщ1эдзауэ илъэс 16-м къриубыдэ ныбжьыщ1эхэм ахъшэ хэхаэр хуауэ1ыпщащ 2023 гъэм и щ1ышылэм къыщ1ыщ1эдзауэ.

Къэралым гулъытэ хэха яхуещ1 зи адэ-анэр гъунэгъу щ1ынальэм щек1уэк1 СВЭ-м хэт сабийхэм, унагъуэхэм, Абыхэм мылъкук1э защ1егъакъуэ, сабий садым папщ1э ят хабзэ пщ1эр щхьэщ1эх, махуэгъэпсым къыщыхэгъэбелджылык1э махуэшхуэхэм ирихьэл1эу тыгъэхэр ират. Зи адэхэр зэуз Iэнатlэм Iут ныбжьыщ1эхэм нэ лейк1э щ1ыпльыныщ1 ахэр еджапIэ нэхъыщхьэхэм щыщ1этIысхьэк1и.

Ди гуапэ зэрыхъущи, ди республикэм мы зэманым щолажьэ бын зи1э унагъуэхэм социальэ ядэ1эпык1ыным хуэгъэпса къэрал программэ зыбжанэ. Абыхэм ящ1ыщ, къап-щтэмэ, сабийхэм зэ тыгъуэу е мазэ къэс ират пособиехэр, гъэсапIэхэм ек1уалIэ ц1ыкIухэм папщIэ ят пщ1эм щыщ процент бжыгъэ адэ-анэхэм зэрыхуагъэк1уэжьр, бын куэд зы1п1 унагъуэхуэхэм псэуп1э Iуэхутхъэбзэхэм щ1ат пщ1эм и Iыхьэ гуэрым къызэрригъэзэжыр, республикэм и сабий гъэмахуэ зыгъэпсэхуп1эхэм пщ1эншэу бынхэр зэрыщагъэ1эфэр, нэгъуэщ1хэри. А Iуэхугъуэхэр зэфIэха зэрыхъум набдзэгубдзапIэу к1эльопль КъБР-м Сабийм и хуитныгъэхэмк1э и уполномоченнэ Лъынэ Светланэ.

Сыт хуэдэ къэралми и зэIуэпэщынигъэр псом яп1эу зэрыщаIэтэр абы сабийм, анэм, унагъуэм щ1а1э пщ1эрщ, гулъытэрщ. УФ-м, КъБР-м я унафэщ1-хэм ял1эк1 къагъанэрк1ыи а Iэнатlэхэр нэхъри ефIэк1уэн, сабийхэм яхуэгъэза къэрал гулъытэр нэхъыбэж хъун папщ1э. Адэ-анэхэми къагуроIуэ къэралым къыбгъэдэк1 гулъытэр зыхуэдэр ик1и йолIалIэ я бын ц1ыкIухэр, насып щыгъуэ Тхъэр къ1аэрэкъуэупса фIыгъуэр, гъэсэныгъэ ек1у яхэлъу, Хэкум и къ1ыхьщхьажьк1уэ нэсу гъащ1эм лъэ быдзк1э зэрыхагъэувэным.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Мэкъуауэгъуэм и 1-р Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

Псэм и нэхур зи тыгъэ

Ди къэралым гулъытэшхуэ щегъуэт къытщ1эхъуэ щ1эблэм гъэсэныгъэ к1ыуэ щ1эныгъэ куурэ егъэгъуэтыным. Сабий садхэр ящ1ыщ а лэжьыгъэр яп1э зи пщэ къыдэхуэзакъ. А Iуэхущ1апIэхэм я гъэсакIуэ гумызагъэхэм я фIыгъэ куэд хэлъщ ц1ыкIуэхэм я гупсысакIэ, зэхэщ1ыкIкIэ зэрыщ1ыкIыр зыужьыным. Сабийхэм апхуэдэу хьэлэлу яд1алажьэхэм ящ1ыщ Налшык дэт сабий сад №40-м илъэс 15-м щ1иригъуауэ щылажьэ Агъзэгъ Жаннэ.

САБИЙХЭР бгъэсэныр, абыхэм я псэр щ1эныгъэм хуэбгъэушыныр, къыдэпхъэхыныр ик1и школ к1уэгъуэм къызыхуэтыншэу хуэбгъэхьэзырыныр ик1уэк1э лэжьыгъэ гъэщ1эгъуэнщ, абы къыщ1инэмыщ1ауи, гугъущ. ГъэсакIуэу улэжьэн папщ1и, абы ехьэл1а щ1эныгъэ уиIэнри мащ1эщ - псом яп1эрауэ, сабийр фIыуэ плъагъуэ, псэ хьэлэлу, жэуапльныгъэшхуэ зыхэпщ1эу, шы1эныгъэ ин пхэльу ущытын хуэящ1. Апхуэдэ щэн дахэхэр зыдальъагъуэ Жаннэ. Абы фIыуэ къыгурогIуэ гъэсакIуэм и Iущагъэмрэ щэнэфIагъэмрэ, бгъэдэль щ1эныгъэмрэ зыхищ1э жэуапльныгъэмрэ сабийм гъащ1эм щыпхиш гъуэгур зыхуэдэнур куэдк1э зэрельытар. Жаннэ къыз1эрильытэмк1э, садхэм, прогимназиехэм щылажьэ дэтхэнэ гъэсакIуэми и къ1ален нэхъыщхьэхэм ящ1ыщ л1ъэпкъым ц1ыку пэж хуэгъэзэным къызэщ1иубыдэ Iуэхугъуэхэм я л1ъабжьэр сабий гупсысэм щыгъэтIылъыныр, и дуней еплъык1эхэмк1э зыужьыныгъэ хэха игъуэтауэ ц1ыкIур школ гъащ1эм хэшэныр.

Сабиигъуэр зэрэтемэ ц1ыкуми и гъащ1эм щыщу гульытэ нэхъыбэ зыхуэщ1ыпхъэ зэману зэрыщытыр зыщ1э АГъзэгъэр мэлажьэ, ныбжьыщ1эхэм я акъ1ылм зригъэузэщу, я дуней еплъык1эм зригъэужьу. И нэ1эм щ1эт сабийхэм яхэлъ зэчий зэмылI эужьыгъуэхэр наIуэ къэщ1ыным, ц1ыкIуухэм щ1ылажьэ щ1ынальэр фIыуэ ял1агъуэу къэгъэтэджным хуеунэт1 гъэсакIуэ I эззм хэлъ зэфIек1хэр. Апхуэдэу Жаннэ гулъытэ хуещ1 сабийхэр гупу зэрыIыгъуу, зэдалажьэфу егъэсэным, гъащ1эм хэлъ хабзэхэм тетынр а ц1ыкIуухэм я хьэлым хэпщэным. Сабий къэс гулъытэ щ1ыхьэу зэрыхуищ1ым хущ1экъуэ гъэсакIуэм и лэжьыгъэри псыхэкIуадэ хъуркъым. Езыми и гъэсэнхэми яб-гъэдэлъ зэфIэк1 л1ьагъэр къальытэри, абы хуагъэфэщащ «Илъэсым и гъэсакIуэ нэхъыфI» зэпеуэм и щ1ыпIэ Iыхьэм хэтыну. Ди гуапэ зэрыхъущи, абы ехьэл1эныгъэфIэр къыщихьащ.

Жаннэ бгъэдэль щ1эныгъэми I эзагъэми емышу хэзыгъахъуэ лэжьакIуэщ. Апхуэдэу ар жыджэру хэтщ Урысейпсо, республикэпсо зэхуэсхэм, семинархэм. Иужьрейуэ ар зрихьэлIахэм ящ1ыщ «Урысейм и егъэджакIуэхэр: Iэнатlэм щIэуэ къ1ыхьэхэр» къэралпсо форумыр, «Урысейм и гъэсакIуэхэр» онлайн жьпхъэм иту екIуэкIа конференцыр, «Сабийхэм я узынщагъэр езыгъэфIак1уэ ерыскъыпхъэр» уэсщак1уэ проектыр, нэгъуэщ1хэри. ГъэсакIуэм зэрыжи1эмк1э, апхуэдэ еджэныгъэхэр, зэхуэсхэр хуабжьу сэбэпщ л1эжьыгъэр нэхъри егъэфIэк1уэнымк1э, Iуэху зехьэк1э пэрытхэмк1э зэдзэгуэшэнымк1э.

Агъзэгъым и нэ1эм щ1эт ц1ыкIухэм куэд яхуэзфIок1. Апхуэдэ ехьэлI эныгъэхэм я л1ъабжьэщ гъэсакIуэм и I эныгъэри I эзагъри ц1ыкIухэм зегъэужьыным, абыхэм хьэл-щэн дахэ яхэлъхьэным триухуауэ къ1эзрек1уэкIым. Езы сабийхэри я унэтIакIуэм къогуэпэж я л1агъуныгъэрэ хуабагъэк1э. Апхуэдэ гъэсакIуэ зи1э ныбжьыщ1эхэр насыпыфIэщ, сыту жьпIэмэ ц1ыкIуэхэр садым щ1ыщ1э дэтхэнэ дакъ-къэри гулъытэрэ I эфIыгъэк1э гъэнщ1ащ, псалъэм и дахэмрэ псэм и нэхурмрэ я тыгъэщи.

ТАМБИЙ Линэ.

Усэхэр

СОНЭ Абдулчэрим

Дыгъэ

Жьауэр - къухьэ, Дыгъэр - къуэк1!
ДокIуэ псым дэ зыгъэпскIакIуэ.
Жьауэр - къухьэ, Дыгъэр - къуэк1.
Псы есыным I эк1уэл1акIуэ
Зыхуэтщ1ыну ди нэ къок1.
Псыхъуэм мывэхэр къыщ1оплъыр,
Лъэгум ахэр къощтырэк1, -
Нэри пэри зыхь псы-алъпым
Къэхуэбэни игу къэмык1.
Псым уэхэту зыпI эжьамэ,
Уи лъэдийр къыпхуегъэдий;
Iуэхуракъэ - хъуамэ жьауэ,
Пшэм егъэпщкIур дыгъэ бзийр.
Пшэр щхьэщ1ык1мэ,
ди к1эн къок1ыр,
Псыми мащ1эу дыщ1орсык1.
Дыгъэм доджэ къыщ1эк1ыну:
«Жьауэр - къухьэ,
Дыгъэр - къуэк1!»

КЪЭЗАН Фатlимэ

Си лъахэр - гъэмахуэм

Ди хадэшхуэм куэд щобагъуэ:
Къэб, къэбыстэ, къуэнтхъурей...
Ди жыг хадэм къыщогъагъэ:
Дей, къыщ1ей, мы1эрысей...
Хъэк1экъуэк1эр мэз щыкуэдщ:
Мыщэ, бажэ, мэз джэду...
Къуалэбзухэр уэгум изщ:
Хъэрхъуэ, жьинду, жэнэтбзу...
Губгъуэм удк1э зигъэнщ1ащ:
Лъэху, дадий, яжьащхъуэ...
Дуней псор къэщ1эрэщ1ащ,
Уафэр хъуащ нэхъ къащхъуэ.

МАХУЭЛI Беслъэн

Лэу, си дахэ

Гущэкъу уэрэд

Лэур щ1ыркъэ, сэ си дахэ,
Уэ плъагъунщ ущалъхуа лъахэр.
Дыгъэри джэгуэгъу пхуэхъунщ,
Пшэм ухэтуи къэпкIухьынщ.
Ди Хьэнащхъуи, жыг бауущхъуи
ГъуэрыгъуапщкIуэ къыбдащ1ынщ.
Пхущ1ынщ тыгъэ псом я хущхъуэр —
Бжьэхэр фокIэ къотыгъэнщ.
Мэлэчыпхъуи и къебжэкIкIэ
Iуэрыlуатэр къогуэпэнщ,
Сэтэнеи и чэнджэщкIэ
Хабзэ куэди зыхэпл1ьхьэнщ.
Iэдинхуи и щхьэцыгъуэм
Дыгъэ бзийр хэбухуэнэнщ,
Дахэнагъуэ и хъыбарым
Насып гъуэгу утришэнщ.
НыиэтепIэ нэхэр, Гуащэ,
Фыгъуэ псорн зыхуэфащэ!
Зыбгъэпсэхуэр укъэушэ,
Щ1ыхьхэм урамыгъэзэшэ,
Лэгъупыкъу итщIэнщ уафэгу,
Укъэфэнщ, сыпхуеуэу Iэгу!

● Футбол

«Черноморец»-р яп1э лигэм мак1уэ

«Легион» (Мэхъэчкъалэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:0 (0:0). Грозныэ. Белимановым и ц1эр зезыхъэ стадион. Накъыгъэм и 29-м. Ц1ыхуи 100 еплъащ.

Судьяхэр: Ануфриев (Москва), Багдасаров (Владикавказ), Алексеев (Москва).

«Легион»: Шиханматов, Наниев, Исмаилов, Исаев, Курбанов, Панаев, Ипаев (Исалов, 90), Мохбалиев, Гамзатов, Битаров (Багабов, 90), Абдуллаев (Абдокъуэ, 78).

«Спартак-Налшык»: Сиукаев, Мэкъуауэ, Молэмусэ, Жангуразов (ХьэцIык1у, 52), Далиев, Хъэшыр, Топурие, Масленников, Дзэху, (Торосян,58), ХъутIэ, Л1уп.

Тол хэр дигъэк1ащ: Битаровым, 29 (1:0). Битаровым, 71 (2:0).

Дагъуэ къыхуащ1ащ: Сиукаевым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымк1э и етIуанэ лигэм и Я п1э гупым 2022 - 2023 гъэхэм щек1уэк1 зэхьэзэхуэм и к1эух Iыхьэм ипкъ итк1э Грозныэ къалэм дэт Белимановым и ц1эр зезыхъэ стадионым блыщхьэ к1уам щыз1эущ1ат хэгъэрейхэм я къалэнхэр зыгъэзащ1э Мэхъэчкъалэ и «Легион»-мрэ абы иригъэблэгъа «Спартак-Налшыкымрэ». Мыгъэрей зэпеуэр зэрыхьук1э зэфIэзых командитIым зэпэщ1этныныгъэ щ1агъуи къагъэльэгъуакъым. Абы и щ1ыхьэтхэм ящ1 зы ц1ыку закъуэм фIэк1а джэгу и к1ыхьагък1э дагъуэ къызэрыуамыщ1ар. Ари къызылъыпсар ди гуащхьэтет Сиукаевыращ.

Дагъыстэным и футболистхэм зэIущ1эр нэхъ жьыджэру ирагъэжьащ. Ахэр зыкъомрэ ди щ1алэхэм зэтрагI этащ, ауэ 29-нэ дакъик1ым пэлъэщыжакъым. «Спартак-Налшыкым» и штрафюйм пэмыжжьыжу зэрыкъуэкIалэдэсхэм гъуэм кьеуэну Iэмал яг1уэтащ. Абы Мэкъуауэ Залым къиргъэгъэщ1ащ, арщхьэк1э я1эу топым нэса Битаров Темыркъан бжьыгъэр зыкъэ1уихащ.

Къыхэгъащ1э зэрыхъуам налшыкдэсхэр ипэк1э игъэк1уэтэн хуеящ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, апхуэдэ зэфIэк1и гукъыдэжи абыхэм я1ауэ фэ ятеткъым. Уеблэмэ, загъэпсэхуу къихьэжа иужьк1э Битаровым аргуэру зы топ къ1ахуди-гъэк1ыжри, зэIущ1эр 0:2-уз ирагъэхьащ. КъыкI эпльык1уэ зэмыхьэнэ зимыIэ джэгур апхуэдэу иухащ. Арати, к1эух зэпеуэрэ зэрыщ1ыдзэрэ псоми ятеk1уа Мэхъэчкъалэ и «Легион»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» турнир таблицэм щызэхъуэжащ, Дагъыстэным и футболистхэр яп1э ищри. А махуэм зызыгъэпсэхуа Дон Iус Ростов и СКА-м пашэныгъэ «В» гупжьейм я къащ1ыхэнащ.

Абы щыгъуэми яп1э лигэм к1уэну командэр зэхэк1ыпащ. «А» гупжьейм щыпашэ «Черноморец»-м ар зэрызыIэщ1имыгъэкIынур наIуэт, ауэ Iуэхур наIуэ щ1ыхъупар накъыгъэм и 28-м Новороссийск щек1уэк1а зэIущ1эм иужьк1эщ. Абы хэгъэрейхэм къащ1агъэблэгъа Прогрессым и «Биолог-Новокубанск»-р 3:0-у щ1ыхагъэщ1ащ ик1и, зэхьэзэхуэр иухьиным зы джэгуГуэу иIэжу, «Черноморец»-м зыри лъэщ1ымыхьэжьи зэрыхъуар зэхигъэк1ащ.

Адэк1э щ1ыгъуаз фIыхуэщ1ынщ Урысей Федерацэм футболымк1э и етIуанэ лигэм и Я п1э гупым 2022 - 2023 гъэхэм щек1уэк1 зэхьэзэхуэм и к1эух Iыхьэм иужьу щ1ызэхэта зэIущ1эхэм къарик1уа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: - *«А» гупжьейм* - **«Черноморец»** (Новороссийск) – **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **3:0**, **«Чайка»** (Песчанокопскэ) - **«Ротор»** (Волгоград) - **2:1**, **«Кубань-Холдинг»** (Павловскэ) - **«Форте»** (Таганрог) - 0:0; *«В» гупжьейм* - **«Динамо»** (Ставрополь) - **«Дружба»** (Мейк1уапэ) - **1:0**, **«Мэшык1уэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **«Алания-2»** (Владикавказ) - **4:2**.

КъыкI эпльык1уэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» мэкъуауэгъуэм и 4-м и стадионым щ1ирик1уэк1ынуц. А махуэм ди щ1алэхэм къарагъэблэгъэнущ Псыхуабэ и «Мэшык1уэ-КМВ» командэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымк1э и етIуанэ лигэм и Я п1э гупым 2022 - 2023 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщек1уэк1ыр. К1эух Iыхьэ

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
«А» гупжьейм						
1. «Черноморец»	**30**	**21**	**6**	**3**	**65-21**	**69**
2. «Чайка»	30	18	8	4	39-12	62
3. «Ротор»	30	18	7	5	58-23	61
4.«Кубань Холдинг»	30	14	7	9	49-33	49
5.«Форте»	30	12	12	6	42-25	48
6.«Биолог-Новокубанск»	30	13	8	9	39-36	47
«В» гупжьейм						
1.СКА	16	8	5	3	20-12	29
2.«Легион»	16	7	5	4	27-12	26
3.«Спартак-Налшык»	**16**	**7**	**5**	**4**	**26-17**	**26**
4.«Дружба»	16	7	3	5	17-18	24
5.«Динамо» Ст.	17	5	6	6	19-23	21
6.«Мэшык1уэ-КМВ»	17	5	3	8	22-31	18
7.«Алания-2»	17	2	5	10	17-35	11

Гу зылъытапхъэ: «А» гупжьейм и турнир таблицэм зэхьэзэхуэм зэрыщ1идзэрэ щыIа бжьыгъэ псори к1ыщ1ытащ, «В» гупжьейм хэтхэр езыхэр щызэIущ1ам къарик1уахэращ хагъэхьар.

● Каратэ

Ныбжьыщ1эхэм я зэпеуэ

Я ныбжь ельытак1э зэхэдзауэ, илъэсихым щыщ1эдзауэ пщык1ублым нэсыху хиубыдэу, щ1алэгъуалэм я зэхьэзэхуэ зэIуха араши каратэ (арашидо) спорт л1эжьыгъуэмк1э Налшык щек1уэк1ащ. Спортсмен ныбжьыщ1эхэр саугъэт 29-м щ1эбэнащ. Нэхъыщ1э дыдэхэм я деж бжьыпэр щиубыдащ Абгарян Давид.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым Спортымк1э и министерствэм и щ1ыхь тхыпхэр ирагащ зи гъэсэнхэр урысей, хамэ хэкъуэ утыкуэм щ1ащыхэжаныкIа тренерхэу. Шахмурзаев Шахмурзэ, Мэремыкъуэ Казбек, Дыщэк1 Мухьэмэд, К1эш Даут, Мэкъуауэ Алан. Ф1ыщ1э хуащ1у зи ц1э къра1уа ящ1ыщ Щоджэн Руслан, Акъсырэ Ахьмэд, Ахуэмгъуэт Мурат, Хъуэкъ1уэн Амиран, Абаз э Азэмэт, Этезов Владимир сымэ.

ШАФИЙ Аслъэн.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

Жьэк1эмыхъу Маринэ *(унафэщ1-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщ1-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19;
унафэщ1-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66.

Къыдэзыгъэк1ыхэмрэ редакцэмрэ я хэщ1апIэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныгъэр хъумэнымк1э Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ыналъэ Iуэхущ1апIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щ1эту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.683
Заказыр №1147

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщ1ыхьа бжьыгъэхэм я пэжагъымк1э ахэр зытхахэм нэсу жуэап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльык1эр зэтехуэ зэпыту щытк1ым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ тощт зэпыщ1эныгъэхэмк1э и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭК1ЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къудэз **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэ1эпык1уэгъу* **Елмэс Фатlимэ.**
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящ1ащ **Мэлбахъуэ Анжелэ, Щомахуэ Марианнэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, Есэнт1ыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдок1.